



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 3 oktòb 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE 20 POU SAN ITILIZASYON Mwbe yo

NAN PASASYON MACHE ETA A - PREMYE FWA NAN ISTWA PWOGRAM LAN

Inisyativ yo Ogmante Patisipasyon Enrepriz Komèsyal ki se Pwopriyete Minorite— ak Fanm—nan Pasasyon Mache Eta a, sa ki Reyalize Pwomès ki nan State of the State Gouvènè a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pou premye fwa, itilizasyon biznis ki se pwopriyete minorite—ak fanm nan pasasyon mache ak eta a te atenn yon nivo rekò 21,06 %. Antou, \$1.488 milya kontra ki soti nan yon total 97 ajans piblik ak otorite te ale nan Antrepriz Komèsyal ki se pou Minorite - ak Fanm (MWBE) nan Ane Fiskal 2012-2013.

Nan lane 2011, Gouvènè Cuomo te kreye ak yon dekrè egzekitif yon ekip onivo tout eta a pou chèche fason pou elimine baryè epi ogmante patisipasyon Antrepriz Komèsyal (MWBE) in pasasyon mache eta a. De lane apre, ekip la te pouse yon kantite inisyativ esansyèl, tankou yon sistèm rapò sou entènèt amelyore, yon pwosesis sètifikasyon modènize, ak yon ogmantasyon yon seri inisyativ sansiblizasyon, ede ogmante itilizasyon MWBE ki depase objektif 20 pousan Gouvènè a te tabli nan premye mesaj State of the State li a. (*Gade Fich Enfòmasyon ki tache ak Dokiman sa*)

“Ogmantasyon kantite biznis atravè eta a ki se pwopriyete minorite - ak fanm se priyorite administrasyon m lan depi Jou 1,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Siksè plizyè milye antrepriz ki se pwopriyete minorite- ak fanm- kap chèche fè konpetisyon epi avanse sou mache a enpòtan anpil pou bousté kwasans ekonomik ak asire pwosperite nan tout kominote nou yo atravè eta a. Mwen bat bravo pou devouman fanm ak fason nan sektè piblik ak prive yo ki te travay san pran souf, tankou manm Ekip MWBE a, pou mete menm règ jwèt la pou plizyè milye ti biznis epi ouvri pòt la pou plis aktivite ekonomik ak kwasans dyòb Reyalizasyon objektif 20%, ki se yon gwo bagay, se kòmansman an. Nou rete angaje pou n kontinye asire kwasans MWBE nan Eta sa.”

Anons Gouvènè Cuomo a te vin nan ouvèti [Twazyèm Fowòm MWBE Anyèl Eta New York](#) lanan Empire State Convention Center a nan Albany. Fowòm lan, kap fèt jiska 4 oktòb, bay biznis kap parèt yo yon okazyon pou yo aprann pwosesis apwovizyonman Eta New York la, patisipe nan sesyon enfòmasyon, epi konekte ak desidè ki nan toulede sektè piblik ak prive yo pou devlope biznis yo epi ogmante konpetitive

Haitian Creole

yo. Li fèt tou [apre nouvèl pousantaj](#) antrepriz ki se pwopriyete minorite- ak fanm ki ta va patisipe nan emisyon bon Konsèy Metropolitan Transportation Authority (MTA) a te ogmante nan 35 pousan.

Ekip MWBE Gouvènè a gen ladan ofisyèl eli, dirijan biznis ak akademik, ak manm kabinè Gouvènè a, ak administrasyon an ki endike anba la a:

- William C. Thompson, Jr., Prezidan MWBE Team
- Mylan L. Denerstein, Konseye Gouvènè a
- Alphonso B. David, Sekretè Adjwen pou Dwa Sivil
- Senatè Martin Malavé Dilan, Distri 18
- Senatè Bill Perkins, Distri 30
- Senatè Adriano Espaillat, Distri 31
- Senatè Ruth Hassell-Thompson, Distri 36
- Senatè Elizabeth Little, Distri 45
- Senatè Patricia Ritchie, Distri 48
- Manm Asanble Earlene Hooper, Distri 18
- Manm Asanble N. Nick Perry, Distri 58
- Manm Asanble Robert Rodriguez, Distri 68
- Manm Asanble Keith Wright, Distri 70
- Manm Asanble Crystal D. Peoples-Stokes, Distri 141
- RoAnn M. Destito, Manm Komisyon, Biwo Sèvis Jeneral
- Joan McDonald, Manm Komisyon, Depatman Transpò
- Robert L. Megna, Direktè Bidjè, Divizyon Bidjè a
- Peter M. Rivera, Manm Komisyon, Depatman Travay
- Darryl C. Towns, Manm Komisyon ak Direktè Jeneral NYS Homes & Community Renewal
- Paul T. Williams Jr., Prezidan ak Direktè Jeneral, DASNY
- Nancy L. Zimpher, Rektè State University of New York
- Walter Broadnax, Distenge Pwofesè Administrasyon Piblik ak Afè Entènasyonal, Maxwell School Syracuse University
- William Castle, Ofisye Responsab Divèsite, Xerox Corporation
- James E. Francis, Prezidan Konsèy Administrasyon, Council of Urban Professionals (CUP)
- Michael J. Garner, Ofisye Responsab Divèsite, Metropolitan Transit Authority
- Sandra Wilkin, Prezidan Emerit, Women Builders Council, Inc.
- Jacqueline Williams, Kowòdonatè, MWBE Coalition

INISYATIV KI SE KLE NAN SIKSE MWBE ETA NEW YORK

Lansman yon Sistèm Kontra ki baze sou tate of the Art Web

Eta a te lanse yon sistèm state-of-the-art web-based contract system nan mwa Oktòb 2012. Ansyen sistèm eta a itilize a pou swiv itilizasyon MWBE te antiquated epi pa te gen kapasite pou track compliance oubyen pèmèt antrepriz MWBE aplike pou sètifikasyon anliy. Nouvo sistèm pasasyon mache a se pi gwo sistèm MWBE sektè piblik la nan peyi a epi pèmèt antrepriz MWBE, mèt ouvraj, ak ajans:

- Idantifye opòtinite pou jwenn kontra;
- Jwenn mèt ouvraj ak sou kontraktan;
- Kontwole pèfòmans kontra a; epi
- Jwenn sètifikasyon sou entènèt.

Epitou sistèm lan pèmèt eta a, pou premye fwa, swiv sere sere ak efikasite kijan epi si ajans eta yo ap depanse lajan eta a ak- biznis si se pwopriyete minorite ak fanm- epi ap fè tout sa yo konnen pou reyalize objektif Gouvènè a.

Ogmantasyon Gwoup Antrepriz Sètifye MWBE yo

Kapasite Eta New York pou l sètifye antrepriz MWBE yo nan minisipalite lokal yo ak gouvènman federal la te depannde yon pwosesis ki lan ak konplike ki te bloke kwasans biznis yo. Pou elimine baryè sa, eta a te amelyore pwosesis aplikasyon an. \Yon sèl aplikasyon te kreye ak kontribisyon twa ajans: Empire State Development (ESD), Port Authority of New York/New Jersey ak Department of New York City Small Business Services.

Ak modènizasyon pwosedi sètifikasyon yo, Division of Minority and Women's Business Development lan te ogmante kantite MWBE ki sètifye ak 2.123 antrepriz ki ajoute depi premye janvyè 2011 epi te elimine aryere aplikasyon.

Kreyasyon Rezo Opòtinite pou Patisipasyon MWBE ak kwasans Ekonomik

Eta a ap fasilite kwasans ekonomik MWBE ak devlopman yon rezo opòtinite konsistan ak konplè pou fè echanj enfòmasyon lide ak resous pou ede biznis. Division of Minority and Women's Business Development la bay enfòmasyon ak resous pou MWBE yo. Resous sa yo se:

- Enfòmasyon sou jan pou vann bay Eta New York;
- Enfòmasyon sou opòtinite ki genyen jounen jodi a pou jwenn kontra ak Eta New York;
- Zouti pou lanse ak agrandi yon biznis; epi
- Enfòmasyon sou fòmasyon komèsyal, sipò teknik, aksè pou jwenn pwogram kapital.

Depi lane 2011, Divizyon an te patisipe nan prèske 500 atelye, konferans, espozisyon, ak lòt inisyativ sansiblizasyon vi fèt menm pou ede biznis MWBE reyisi Atravè rezo sansiblizasyon sa, Divizyon an ap konstwi yon enfrastrikti enstitisyonnalize pou MWBE itilize kòm yon resous rekoni pou asire kwasans

biznis yo epi idantifye opòtinite pou jwenn kontra ki koresponn ak konpetans ak kapasite debaz li yo. Paregzanp, Divizyon an òganize evenman “Training Tuesday” – yon seri wèbinè kap bay fòmasyon nan apwovizyonman ak resous devlopman komèsyal pou antrepriz MWBE.

Nan lane 2012, eta a te òganize pi gwo fowòm MWBE pou tout eta ki te atire 1.700 patisipan epi te prezante opòtinite pou \$1 milya nan pasasyon mache ak eta a. Fowòm lan te reyini antrepriz MWBE, mèt ouvraj, otorite eli ak manm kabinè Gouvènè a pou diskite opòtinite pasasyon mache ak eta a. Eta a pral kontinye òganize evenman ki gen kokenn enpòtans sa chak ane paske li bay antrepriz yo yon posiblite inik pou yo fè kontra epi jwenn prensipal aktè apwovizyonman eta yo.

Kreyasyon Sistèm pou Garanti Responsablite

Sans responsablite ak respè angajman nan mitan ajans ak otorite egzekisyon yo te konte pou anpil nan siksè reyalizasyon objektif MWBE gouvènè a.

Ajans ak otorite Eta a pa te reponn ak obligasyon yo pou soumèt Master Goal Plans, yon dokiman lalwa egziye, kote pwogram ajans ak otorite MWBE ak objektif itilizasyon MWBE yo prezante. Apre plizyè mwa angajman detaye ak kontwol, Eta a te reyisi nan mwa desanm 2011 Master Goal Plans nan 100 pousan ajan ak otorite eta a. Manm komisyon ak responsab ajans yo pou kounye a angaje aktivman nan jesyon pwogram MWBE yo epi ekip Executive Chamber a te bay strateji pou garanti responsablite.

Kreyasyon Pwogram Asistans Bon Site Eta New York

Nan lane 2012, Gouvènè a te anonse kreyasyon premye pwogram èd bon site Eta a. Pwogram lan te kreye sou baz rekòmandasyon ki te fèt nan Etid sou Diferans 2010 la. Etid la te di pou jwenn kredi se yon baryè pou kwasans MWBE nan sektè konstriksyon. Pwogram lan ofri fòmasyon ak èd finansye pou ede ti biznis ak biznis ki se pwopriyete minorite - ak fanm- jwenn bon jiska 30 pousan nan kontra ak eta a. Bizinis kap patisipe yo te jwenn \$40 milyon nan kapasite pou bon site jiska prezan.

N AP TRAVAY POU MOUN
Pèfòmans * Onètete * Fyète